



Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon Sante (ki gen ladan Tretman pou Alkòl/Dwòg ak Enfòmasyon sou Sante Mantal) ak Enfòmasyon Konfidansyèl anrapò ak VIH / SIDA)

Seksyon I. Enfòmasyon Pasyan an

Non Pasyan an:	Dat Nesans:	Dosye Medikal #
Adrès Pasyan an	Telefòn:	Imel:

Seksyon II. Enfòmasyon sou Otorizasyon an

Mwen menm, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou yo divilge enfòmasyon sou sante ak tretman mwen jan yo tabli sou fòm sa a. Mwen konprann epi mwen afime ke:

1. Yo ka itilize otorizasyon sa a pou divilge tout enfòmasyon sante ki pwoteje, tankou TRETMAN POU PWOBLEM ITILIZASYON ALKÒL OSWA DWÒG, TRETMAN POU SANTE MANTAL, ak ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL ANRAPÒ AK VIH/SIDA. Yo ka sèlman divilge enfòmasyon sou tretman pou pwoblèm itilizasyon alkòl oswa dwòg, tretman sante mantal, ak enfòmasyon anrapò ak VIH/SIDA bay moun ki nan lis nan atik 10 la si mwen otorize espesyalman pou divilge enfòmasyon sa yo lè mwen mete inisyal mwen sou liy ki apwopriye a nan atik 13 la.
2. Enfòmasyon ki soti nan dosye sante klinik sante mantal ka libere dapre otorizasyon sa a bay moun ki idantifye nan dokiman sa a ki gen yon bezwen pwouve pou enfòmasyon an, depi divilgasyon an pa gen atant rezonab pou gen move konsekans sou a pasyan an oswa yon lòt moun.
3. Ak kèk eksepsyon, enfòmasyon sou sante yon fwa divilge ka re-divilge pa moun k ap resevwa li a. Si mwen otorize pou yo divilge enfòmasyon sou tretman VIH / SIDA, tretman pou pwoblèm itilizasyon alkòl oswa dwòg, oswa enfòmasyon sou tretman pou sante mantal, yo entèdi benefisyè a pou divilge enfòmasyon sa yo oswa pou itilize enfòmasyon yo divilge pou nenpòt lòt rezon san otorizasyon mwen sòf si yo pèmèt mwen fè sa anba lalwa federal oswa lwa eta a. Si mwen sibi diskriminasyon poutèt yo pibliye oswa divilge enfòmasyon anrapò ak VIH/SIDA, mwen ka kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York, ajans ki responsab pou pwoteje dwa mwen yo, nan 1-888-392-3644.
4. Mwen gen dwa anile otorizasyon sa a nenpòt ki moman alekri bay founisè ki nan lis anba a nan Atik 9. Mwen konprann ke mwen ka revoke otorizasyon sa a eksepte nan mezi yo te deja aji baze sou otorizasyon sa a.
5. Fòm sa a ka ranpli epi siyen elektwonikman, dapre Lwa sou Siyati ak Dosye Elektwonik yo, menm atravè dosye sante elektwonik yon founisè swen sante. Founisè yo dwe asire ke fòm yo ka enprime ak/oswa delivre nan fòm apwouve a bay pasyan an, gadyen legal pasyan an, reprezantan pasyan an ansanm ak lòt moun ki dwe resevwa li.
6. Siyen otorizasyon sa a volontè. Mwen konprann ke jeneralman tretman mwen, pèman, enskripsyon nan yon plan sante, oswa kalifikasyon pou benefis pa pral kondisyonèl sou otorizasyon mwen nan divilgasyon sa a. Sepandan, mwen konprann ke yo ka refize m tretman nan kèk sikonstans si mwen pa siyen konsantman sa a.
7. Mwen dwe ranpli tout atik sou fòm sa a. Si gen nenpòt seksyon rete vid, fòm sa a p ap valab.
8. Yo te reponn kesyon mwen yo sou fòm sa a epi mwen te resevwa yon kopi fòm lan.

Pasyan an te refize kopi a



Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon Sante (ki gen ladan Tretman pou Alkòl/Dwòg ak Enfòmasyon sou Sante Mantal) ak Enfòmasyon Konfidansyel anrapò ak VIH / SIDA)

Seksyon III. Enfòmasyon sou Divilgasyon an

- 9. Non ak Enfòmasyon pou Kontakte Founisè ki Otorize pou Divilge Enfòmasyon sa a:
10. Non Ak Enfòmasyon pou Kontakte Moun Ki pra l resevwa Enfòmasyon Sa A:
11. Rezon pou Divilge Enfòmasyon an:
12. Sof si mwen te revoke li anvan, otorizasyon sa a pou divilgasyon enfòmasyon sou sante mwen an ap ekspire nan evènman oswa dat ki espesifye anba a:

Seksyon IV. Enfòmasyon Sante

- 13. Mwen otorize pou yo divilge Enfòmasyon Sante Pwoteje sa yo:
- []Yon pati nan dosye medikal mwen an apati dat (mete dat la) rive nan dat (mete dat la)
- []Dosye Medikal konplè mwen, ki gen ladan istorik pasyan yo, nòt biwo (eksepte nòt sikoterapi apa), rezilta tès yo, etid radyoloji yo, fim yo, referans yo, konsiltasyon yo, dosye faktirasyon yo, dosye asirans yo, ak dosye lòt founisè swen sante yo te voye ba ou.
- []Lòt (tanpri presize)

Pou yo divilge tretman sante mantal, tretman pou pwoblèm itilizasyon alkòl oswa dwòg ak enfòmasyon anrapò ak VIH/SIDA, ou dwe tcheke kaz la, ekri inisyal ou, ak dat ki anba a pou enfòmasyon espesifik ou vle divilge a.

- []Dosye klinik ki soti nan pwogram sante mantal * Inisyal: Dat:
- []Dosye ki soti nan pwogram tretman pou pwoblèm itilizasyon alkòl oswa dwòg yo Inisyal: Dat:
- []Enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA Inisyal: Dat:

Seksyon V. Siyati

- 14. Siyati Pasyan an oswa Reprèzantan Legal Pèsonèl li:
15. Dat:
16. Non Pasyan (An lèt detache)
17. Si se pa Pasyan an, non Reprèzantan Pèsonèl li (An lèt detache):
18. Otorite Reprèzantan Pèsonèl la pou siyen nan non pasyan an:

Fòm sa a ka itilize nan plas Fòm DOH2557, DOH5032, oswa OMH 11 epi Biwo Sante Mantal NYS apwouve li pou otorize divilge enfòmasyon sou sante oswa dosye klinik sou sante mantal yo. Sepandan, fòm sa a pa egzije founisè swen sante yo pou yo bay enfòmasyon sou sante. Enfòmasyon sou tretman pou pwoblèm itilizasyon alkòl oswa dwòg oswa enfòmasyon konfidansyèl ki gen rapò ak VIH ki soti nan fòm sa a dwe akonpaye pa deklarasyon ki obligatwa konsènan entèdiksyon divilge yo bay lòt moun.